NASU NGUNGE PÉNCUM RÉEW AK YABUG WAY-BËGG-SA-RÉEW

Juillet 2014

Wayndare wii ngi jëmmu ci liggeeyu Mbootaatu réew mi ngir njàngum làkk yeek tàggatug mag ñi.

Mu ngi bokk ci nasu ngunge péncum réew ak yabug way-bëgg-sa-réew(PACE)wi ñuydoxal ci ndimalulug USAID. Ndàbbum xëti àtteek yoon yi ëw tey doxal péncum depitey Senegaal yi, menn mbooloom liggeey mu dajaley ndawi yoon ak i way-jëfi sosiyete siwil yu bokk AN@FA.

Meññalaatum siiwal bii bépp mbaa lenn ciy pàccam ngir njënd ak um njaay aayees na ko.

Këmbu yi ñu siiwal ci wayndare wii, te ñu tekki leen ci làkki joolaa, Séereer, Pulaar, Mànjaku, Sóninké, Màndeŋ ak Wolof, ñu ngi jëm ci askanu Senegaal cib yaatal, rawatina depite yi, laptookati làkk yi, ñiy doog miin um mbind, yombalkati daaray njàng ak njàngaleem làkki réew mi, taskati xibaar yi, sanceefi réew yeek aji-safooy làkki réew mi. Nisëram moo di joxey xibaar ci làmmiñi réew mi ngir xamin wu gën ak moomoo jëmmu sanceefug Senegaal.

Njiiteefug doxalu AN@FA

WAYNDARE TEKKINU BAAT

Njubbantib Sàrt

Ci wàllu yoon, Njubbantib Sàrt (Amàndëmãa), ag cuppikku gu ñuy wote cim pénc la, ngir jubbanti, mottali, walla neenal benn pàcc, mbaa lépp ci menn mébatu yoon. Njubbantib Sàrt yi, ñu ngi leen di jébbalee ci anamu mbind te, deesu leen nangu, ludul ne dañu jëm ciy xët yu bokk ci li ñu war a waxtaane.

Bu fekkee ne Njubbantib Sàrt yi dañu am lu jiitu ñu koy waxtaane, kurel gi ko yelloo la ñu koy dénk, te bu mënee nekk, ñu fulandi xët ya, séddale leen.

Bu dee ci biir jataayub waxtaan wi la amee, dañu leen di jébbal Njiitu Péncum Ndawi Réew mi, mu yégal ko Pénc mi.

Ci diirub waxtaaney Njubbantib Sàrt, kenn ci ñi ko xaatim, Depite bi xalaatam woroo, Njiitu Péncum Ndawi Réew mi, Way-Nettalib kurel gi ko yelloo, ak Jaraaf bi mbir soxal doŋŋ, ñooy ñi fa am sañ-sañu jël kàddu.

Dogal:
Jëf ju bokk ci wàllu caytu la, jëmale yaatal mbaa kennal, tey bawoo ci kiliteefug Ngaraaf. Kenn ci way-bokki Nguur gee koy xaatim, ci kaw manooreem yu yell yi ko yoon may. Ab **Dogal,** pas-pasu jëfe cantaane yu méngook Yoon, **Dëkëre** walla **Digtal** la, ngir mu leeral tëralin ak doxalin ya. Mel ni **Dëkëre,** këmub **Dogal** mën nay wuute. Mën na doon pas-pas yu ñu sàrtal, fekk muy teg sàrtub yaatal (misaal: **Dogalu bokk-moomeel** buy tere képp ku taxaw ci mbedd yi ñuy aw), walla muy kennal (Palug ndawu nguur).

Péncum dépite yi:
Péncum dépite yi mooy kurelug way-teewali askanu Réewum Senegaal. Péncum dépite yi, péncum benn-tànk la, dale ci weeru sàttusmbar 2012, bi ñu dindee SEENAA bi. Péncum dépite yi mooy way-teewalub askanu Réewum Senegaal mépp; daa gàlloo mbooleem comboñi réew mi, ngir fàttali dépite yi seen wareef saa su nekk (seetal **dog 108** bob Sàrtu Biir bi). Limub Dépite yee ngi yem ci téemmeer ak juroom fukk (150) (Yoonu àtte 144 bu Sàrtu Wote **bi).**

Way-jàppaley Pénc mi:

ay woroomi xam-xam lañu yu Péncum dépite yi tabb ngir yokkutey liggeeyub Dépite yi.Njàppale googoo ngi tënku ci jox kureli pénc mi, walla ndawi pénc mi wayndare, xibaar walla ndimbal yi war ngir ñu gën a mën a def seen liggeey (yëral dog 50 bob Sàrtu Biir bi).

Nafa gi

Nafa gi wayndare la wuy tënk mébatum koppar yiy dugg ak yiy génn ci anam bu ràññiku te limu, ngir caytug pajum aajo yi ñu nasal (lee-leeg cim at). Ñaari ponki cëslaayi nafa yépp ñoo di ndugal mi (liy dugg) ak ngénne mi (liy génn).

Nafay jëmmalug meññantal yi:

Nafay jëmmalug meññantal yi (Bee-See-ii), moo di pexem nas ak topp njëfeem deppãasi meññantali at, yu ñu mébat ak alal juy bawoo ci nafay meññantal.

Ci anam boobu, dafa bëgg a nekk jëmm jiy firndeel ndigal yi nguur gi tër ciy nas ak i mébat cim at, te nisër ca suuxat ag yokkute guy sax dàkk, ba mën a yokk limub liggeey yi

ñu sos, wàññi ñàkk gi, te yokk pasinu dundug askan yi.

Bee-See-ii bi day ëmb mbooleem deppãasi meññantal yi nguur fas yéenee def, fekk alal ji ciy dem teew, mbaa yu yëngu-yëngu ya door ba nuppi. Day ëmb mbooleem deppãasi yi ëpp maanaa ci nguur gi ak ci kureli peg yi. Mbindum mébati meññantal yi ci deppãasi Nafay jëmmalug meññantal gi, day tegu ci sàrt yii:

- Bokk ci liy tax a jot nisëri yi jëm ci wàllu koom ak askan yi;
- Amug gëstu yi yell ngir wone mën a nekkug pexe yi ñu lal;
- Teewaayu alal ju ñu ame ci mànkoy digeb xaalis bu ñu xaatim ci anam yu wér, mbaa alal ju doy sëkk ci nafa gi.

<u>Ndugal mi (liy dugg)</u>

Li ëpp ci koppar yiy dugg ci nafa gaa ngiy bawoo ciy galag(juuti). Ñoo ngi soloo galag yi téqu ak galag yu téqoodiku yi ñuy boole ci njégi alal walla pajum soxla yi, di lu ñuy fay nit kuy ñëw jébbal ko Nguur

Ngénne mi (liy génn)

Deppãas yi Nguur walla Bokk-moomeel yi di def ñoo ngi leen tudde deppãasi-pegg. Ñoo ngi leen xaaj ci ñeenti pàcc:

Deppãasi doxinu kureli pegg yi

Deppãasi jumtuwaay ak meññantal yi

Deppãasi sóobook dugal loxo ci wàllu askan, koom ak mbirum bitim réew.

Peyug tegendaay yi juddoo ci bori pegg yi.

Birob Péncum Dépite yi:

Birob Péncum Dépite yee ngi soloo Njiitu sanceef gi, juroom ñetti tofoy njiit, juroom benni ndéeyteef yu falu, ak ñaari Saytukati alal (dog 13 bob Sàrtu Biir). Mbooleem way-bokki birob péncum dépite yi dañuy falloo cib wote bu limu ngir cër bu ci ne tey yeeslu ci lëlub aada bi jëkk (dog 15 bob Sàrtu Biir).

Njiitu Péncum Dépite mi nga xam ne, moom doŋŋ lañuy fal cib woteb kumpa, buy falu rekk di door ub liggeeam, te moo di jiite ak saytu palug yeneen way-bokk yépp (dog 10 ak 14 yu Sàrtu Biir). Birob péncum dépite yi day amal ndaje lu mu néew-néew benn yoon ci weer wi (dog 17 bob Sàrtu Biir), mooy saytu doxinu pénc mi.

Yéglewub tànn bi

Ci jamono bi jiitu bésub woteb Dépite yi, lawax yi bëgg a falu dañuy wër di wonewu ak jéem a yey seeni dëkkandoo. Mooy yéglewub tànn bi. Pexem sàkku li ëpp ciy baat la, di ame ci cëslaayub nasu pólitig. Diiru yéglewub tànn bi moo di ñaar fukki ak benn (21) fan lu jiitu bésub wote bi, di jeex buñ nee ëllëg la wote bi, bu minwi (00 waxtu) jotee (Sàrtu Yoonu jubbanti 108 bu Yoonu tànn wi).

Yéglewub tànn bi.

Ci diir boobu mbooleem limi lawax yi ñooy yemoo jot gu ñu leen di jagleel ci xibaarukaayi peggi bari-melo (xibaarukaayu yeglewub tànn) yi. Diir ak jamonoy xibaar yi, seen tëralin ak doxalin yiy tax ñu mën a nekk, dañu leen di tënk ci benn dëkëre bu njiitu réew mi, gannaaw ba mu ca disook Kurel giy yemale jumtuwayi xarala-bari-melo yi (SENEERAA) (dog 180 ak 183 bob).

Goxub wote :

Ñaari xeeti tànnin ndawi pénc ñoo am: Limu réew bi walla woteb raw-gàddu, ak limub

pàccu-diiwaan bi, di tànnu cërëlaate bi. Bu nekk ci tànnin yi, dépite yi dañuy faloo ci ndénd mu fés mu ñuy tudde goxub wote. Naka noonu, goxu woteb raw-gàddu bi moo di ndédum réew mi, bob tànnu cërëlaate bi di pàccu-diiwaan bi.
Ci ñaareelu anam wi, bu Dépite bi faloo ci goxu woteb pàccu-diiwaan itam, day wax ak a jëf ngir njariñal askan wépp.

Yoonu tànn :
Ci senegaal, Yoonu tànn waa ngi dajale mbooleem yebuy àtte ak tëralinu yoon yi aju ci palu pólitig, maanaam tànnug ndawi péncum réew mi, way-diisooy pàccu-diiwaan yeek way-diisooy dëkki kaw yi.

Kurelug càmbar :
Kurelug càmbar gi day tax ba pénc mi yelloo saytu doxin kurelug doxal gi (di nguur) muy mën di taat aan ay xibaar ciy jëf yu ràññiku, jëmale ci:
caytuwinu genn kurelu peg, doxinu kureli nguur gi caytuwinu menn cémbum nguur gi mbiri sosiyete yi.

Kureli càmbar yi mën nañu leen a sos, cig Digtal walla ci dogalu péncum ndawi réew mi. Jéegoy kurelug càmbar gu nekk day dakk saa yu jébbalee péncum ndaw mi ay tënki xalaatam, gannaaw diirub juroom benni weer yu dale ca bésub solooy dogal ak saa yu kurelug àtte gi tàmbalee lëñbët mbir ci wàllu yoon, di sababu costey kurelug càmbar googule. Kurelu càmbar mëneesu ko sos ngir mbir yu ñu lëñbët ci kanamu yoon ba nuppi. Ndax ay daan yu mën a dal ci kawam te aju ci sàrt 363 bu Téere-àtte-daan (kód penaal) bi, bépp way-bokku kurelug càmbar gu matal aw sasam dafay yelloo wone màndute. Péncum ndawi réew mi doŋŋ moo yelloo siiwal pàcc mbaa lépp lu nekk ci këyitu nettali bu ko genn kurelug càmbar jébbal, gannaaw ab wotey jamono boo xam ne, ndéglum xibaari këyitu nettali yee koy jiital ak weccantey xalaat (dog 48 bob Sàrtu Biir).

Kurelu ndénkaane

Ci ndoortey atum pénc mu ne, Way-Teewalu askan wi day fal ci biiram kurelu ndenkaane guy tollu ci ñaar fukki way-bokk ngir diiru menn at, ñuy daje ci wotey njiitam, gannaaw

bi ko péncum dépite yi sàkkoo nu méngoo ak sàrt 65 bu ndeyu sàrti réew mi, ay warteefam ñoo di : jël ay dogal gannaaw ub diisoo, jëmale ci mbir yi ko péncum dépite yi dénk, natt ak topp doxalinu yoon yi ñu wote. Ngir Kurelu ndenkaane gi mën a yabu ciw waxtaan, fàww genn wàllug way-bokk yi teew ba tegal kenn. Dogal yaa ngi jëlu ci teewaayu ñaari ci ñett (2/3) yu ne. Way-bokki nguur gi dañuy teewee jataayi kurel gi. Dañu leen di déglu saa yu ñu ko sàkkoo. Dañuy indiy xibaar ci li ñu leen di laaj te méngook seeni manoore, jaarale ko ciy kàddu walla mbind (dog 25-26-27-28 ak 29 yu sàrtu Biir).

<u>Kurelu wéyal</u>

Ci ndoortey atum pénc mu ne, ci ndajem aada mi jëkk, gannaaw campug biro bi, péncum dépite yi day sos fukk ak benni kureli wéyal. Liggeeyub waajtaay bu ndajey péncum dépite yi, kureli wéyal yee koy def. Gu ci nekk day am njiit, benn biro ak benn ndéeyteefu. Kurel yi lépp lañuy wax, dale ci koom bi cib yaatal, ngurd (koppar) yi, ba ci wér gu yaram gi; ci mbirum caada gi, jokkoo bi, kaaraange gi, yaraangue gi, ndaw gi ak

njekkalum dëkkuwaay yi (dog 62 bu Ndeyu sàrt yi ak 24 bu Sàrtu biir)

Woññaatu pegg

Woññaatu pegg mooy tur wi ñu tudde woññaatu alal ji ñuy def ci kureli caytu yeek mboolooy pegg yi am ci am réew, ngir tër cim mbind koppar yiy dugg ak a génn.

Ndencum tayleek ndigal yi :

Bu ñu sukkandikoo ci yoon n°2011-15 bu 8 Sulet 2011 ñeel yoonu doxalinu xaalis, Xëtum-seedey tayleek ndigal yi day leeral dige yi nguur giy jël, baawoo ci tayleb xaalis bu mu jagleel kenn nit, walla am mbooloo, rawatina tayle yi nguur di def ngir dige ay jàppale yuy dox diggante pegg yeek boroom alali feddi-géew.

Ndajem Njiit yi

Ndajem njiit yi day dajale ci wetu njiital pénc mi: tofoy njiit li, njiiti kurel ak mboolooy ndaw yi, way-teewalub ndaw yi bindoodi, way-nettali bi gën a kawe ca kurelug xaalis bi, xayanal gi, bu nas wi, bu jàppalantey

koom jeek bu Jaraaf bi nguur yabal ndax loolu.

Ndajem njiit yi mooy tër doxalinu liggeeyi pénc mi, ak mbir yépp yi jëm ci nasu yoon :

- Séddale mbooleem mbir yi ñu war a niir ci biir kurel yi ko yelloo
- Amal nasinu waxtaani pénc mi
- Amal tëralin ak doxalinu njëlum kàddu ci jataayi péncoo yi.

Bés ak waxtuy ndajem njiit yi, péncum dépite yi péncum dépite yee leen di yégal Njiitu réew mi walla Jawriñu diiwaan bi (dog 84 bu Ndeyu sàrti réew mi ak 19 ak 73 bu Sàrtu Biir).

NdiisooBokk-moomeel

Ndiisoo Bokk-moomeel yi, moo di mbooloom ndaw yi falu te ñu sas leen caytug mbiri dëkki taax yi. Way-diisoo bokk-moomeel yi ñooy ndaw yiy toog ci jataayi péncum ndiisoom dëkki taax yi. Dañuy joxe seen xaalat ci lépp lu soxal askan yi : ñooy wote bidse bi, di rafetlu caytuwinu bidse bi ñu doxal ba nuppi, am màqaamay samp walla tas kureli peggi bokk-moomeel yi, saytu alalu mbooloo mi,

ngir joxey ndimbal yuy yombal yokkutey koom ji.
Ndiisooy bokk-moomeel yaa ngiy doxale seeni manoore ci anamu weccantey xaalat. Baat bii, day tekki matuwaay yi ñu wote ba noppi. Mën nañu sos kurel yu am màqaamay gëstu ay mbir yu tënku ciy wayndare.

Ndisoo pàcc-diiwaan :

Ndiisoo pàcc-diiwaan yi, moo di mbooloo miy jëlal pàccu diiwaan bi ay dogal.Way-diisooy pàcc-diiwaan yi ñoo ko séq. Mooy saytu mbiri pàcc-diiwaan bi ciy waxtaan. Day joxe xalaatam ci jafe-jafey yokkute ak njekkalug dëkkuwaayi ndaw yiy toog ci jataayi péncum ndiisoom dëkki taax yi, nga xam ne, dañu ko ciy déglu.
Ndiisoo pàcc-diiwaan day fent sàrtu biiram yuy wone dayo, manoore ak doxalinu kurel yi.

Digeb jàppalantey pegg ak feddi-géew:

Ay digey mbooleef lañu, di sabab lëkkaloob benn walla cémb yu bari ci tabax, toppatooo ak caytug liggeeyu pegg, ci diir buy yàgg. Dige jàppalante pegg-feddi-nguur, xeetu

wutinu koppar la boo xam ne, genn kilifay pegg da ciy woo ay liggeykat yu feddi nguur ngir génnne alal ak saytu benn jumtukaayu meññantal buy sàmm walla indi ag yokkute ci genn kurelug pegg.
Way-jàppale bi day jot pey guy bawoo ci farandoo peg bi, mbaa ci nit ñit jëfandikoo njariñ li muy meññal. Xeetu jàppalante bii am na ci réew yu baree bari, di wuutey jëmm. Digey jàppalante yi, dañuy sabab yombalug caytuwinu nitu pegg ki ba noppi, di wéral ne, fi lay nekk ngir caytug njariñal pegg gi.

Ngàntu-mébat yi

Ngàntu-mébat yi dañu leen di bind soog leen a jébbale. Bu fekkee ni ngàntu-mébat yi dañu yégsi laata kurel giy waxtaan, dañu leen di jox kurel gi ko yelloo; bu dee ci biir waxtaan wi lañu dikke, dañu leen di teg ci yoxoy njiitu pénc mi, mu xamle ko. Pénc meey seet ba xam ndax dañu leen di boole ci waxtaan wi walla dañu leen di yónnee cig kurel.
Ngàntu-mébat yi, deesu leen nangu ludul ne ay ngànti mébat lañu ak ay xëti njàmbaas (yokk-yokk) yu ñuy xamle ci xët mi ci boppam, jëmale ci li ñu war a waxtaane. Bu

ñàkk a déggoo amee, pénc mi da ciy wax xalaatam te du diisook kenn ci mënug nekkam.
Ngàntu-mébat yi seeni woroom a leen di xaatim, te kenn ca ñoom dina am sañ-sañu jël kàddu ni depit bi xalaatam wuute, njiit li, way-nettalib kurel gi ñu dénk liggeey beek Jaraaf bi mbir mi saoxal (dog 71 ak 79 bu sàrtu Biir).

Nger :

Nger moo di fàbbi njëfandikoo kàttanu nguur walla gu feddi nguur te nisër cee jële njariñ mbaa xéewal yu daganul.
Jëfin wu dàqu la ci kanamu yoon, nit di ko def (ki geru), di sàkku, ànd mbaa nangu ag may, ab neexal walla ab dige, ay xéewal mbaa leneen lu mu mën a doon, ngir def, yeexal, walla fàttee def jëf ju bokk ci anam bu jubu, mbaa juboodi, ci wàllu liggeeyam.

Biraleb pólitigu yaatal :

Biraleb pólitigu yaatal ab dox-daje la, diggante Jawriñ ji jëkk ak ndawi pénc mi. Biraleb pólitigu yaatal a ngiy am gën gaa yàgg ci ñetti weer gannaaw tabbug jawriñ ji

jëkk. Péncum dépite yi dañu koy yégal bés bi ñu jàpp a def biraleb pólitgu yaatal bi, juroom ñetti (8) fan lu ko jiitu.

Biraleb pólitigu yaatal bi.

Biraleb pólitigu yaatal am ndaje diggante njiitu nguur geek way-teewali askan wi (dépite yi) la, mu ciy biral nasinu pólitigu nguur gi mu jiite, toftal weccantey xalaat. Woteb kóolute gu ñuy jagleel làng gi ëpp doole, mën na tegu ci biraleb pólitigu yaatal bi, ci dagaanug njiitu jawriñ yi (dog 55 bu ndeyu sàrt yi ak 97 bu sàrtu biir).

Dogalub njëfe :

Dogali njëfe yi dañuy leeral anam yi ñuy jëfee ciw yoon.

Bataleb tànn :

Bu fekke ni doo mën a teew ci bésub tànn bi, mën nga seet nit ku la doy, nga jox sa baat wu tànnal la. Ci sàrtu yoonal wote dépite yi, fàww nit ki ci boppam teew. Bépp ndigalu pal day neen (dog 64 bu Ndeyu sàrt yi). Ak lum ci mën di doon mënees na nangu batale tànn ci anam yi ñu sóor ci dog 88 ak 89 yu sàrtu

biir bi. Dépite bu ci nekk mënul a yore lu ëpp benn bataleb tànn.

Yenneeku (Tekki- ndombo-tànk) :

Tekkig ndombo tànku depite bi cig làng walla ci pénc mi, lu ñu sóor la ci sàrtu biir pénc mi ak ci yoonu tànn wi. Yenneeku yi, njiitu pénc mi lañu leen di jébbal, mu yégal ko péncum dépite yi ci ndajem miy ñëw tey dajale ñépp. Saa yu leen péncum ndaw mi nangoo, yenneeku yooyule dañu leen di yégal Njiitu réew mi.

Ñu seetlu ne :

Bépp depite bu yenneeku ci làngam, fekk mu nekk ci jamonoy pal, noonu lay ñàkke ci saa si, ag palam ci pénc mi, dog 60 bu Ndeyu sàrt yi ak 7 bu sàrtu biir).

Gannaaw tekki- ndombo-tànk yooyu, di jëfu kenn ak sagoom, sóorale nañu ci xët yi tënk péncum dépite yi yeneen anam. Ñoo di tekki-ndombo-tànk ci jëf. Depite boo xam ne, toog na ñaari ndajey aada yu tegloo te ñëwul, amul wenn lay wu pénc mi mën a nangu, dañuy jàpp ni aji-yenneeku la (dog 104 bu sàrtu biir).

Deppãasi cëslaay :

Deppãasi pegg yi (ni deppãasi cémbi fànnu fedd-géew yi) mënees na leen a këral ñaar: Deppãasi aaada yi ak deppãasi cëslaay yi.Deppãasi cëslaay yi, deppãasi yuy bokk ci ngénné mi lañu. Ay jumtuwaay yu mën a yàgg lay doon, ñu leen mën a jëfandikoo ay yoon i yoon ci wàllu meññantali alal walla njariñ. Bu dee ci nguur gi, misaal ya ñooy doon tabax Oppital yu bees, njëndum jumtuwaayi xarala-bari-melo ak i càllala, defar tali yu bees, añs.

Depite bi:

Dépite bi mooy way-faluw askan wi; way-teewalu réew bu wegu la. Kaweef ak kilifteefug péncum dépite yi, di kuutlaay-jëmmu ngoreefug askan wi, ñooy ngàddu-wéralug demokaraasi bu dëggu. Dépite bi daa am warteefu rafetle ay jikko yu sax, ngor, njub ak sagu yuy feeñ saa su nekk ciy waxam, jëfam ak dundug bés bu jotam. Sàrt yii, dañuy laaj aw nekkin wu tollook darajay ngàllam.

Péncum réew mi da koo warloo saxal ci pasinug dund ak nekkin yu mucc ayib, kurel

ak dooley nguur yi di ko taxawu, weg ko, te ko gëddaal (dog 100 bu sàrtu biir).

Depite bindoodi :

Depite yi mën nañu bañ a bokk ci menn mbooloo pólitig ca péncum depite ya. Ñoo di dépite yi bindoodi. Seen way-teewal day bokk ci liggeeyi ndajem njiit yi, di ay-ayloo bu ñu waxtaane ba juboo. Bu fekkee ni juboo amul ci seen biir, njiitu péncum dépite yi day wote-tandale, ci kanamu way-soxal yi, tëral kay gi. Dogalam amul diiŋat.

Depite yi bindoodi yi mën nañu bokk ci mbooloo mu leen neex gu leen neex. Su boobaa, dañuy bind bataaxal njiitu làng gi mu soxal, mu yégal ko njiitu péncum dépite yi; moom mii, moo koy yegge Biro bi ak Pénc mi. Day bokk ci lim-woññub toogu yi ñu jagleel mbooloo mi ci biir kurel yi (dog 23-34 ak 35 bu sàrtu biir).

Ndigal :

Ndigal jumtuwaay bu xeetu ci yoon la, Bennoob Réewi Afrig yi di ko jëfandikoo ngir jël ay matuwaay. Ndigal ci ñaari jéego lay taxaw doog a feeñal ay njeexitam: bu ko

sanceef yi xësee wote, nguur yi dañu koy yóbbaale, boole ko ci seeni sañ-sañ; wuuteek sàrt bi nga xam ne day jëfu ci saa si.

Kureli pegg-caytu :

Jëmm la juy wuyu ci sañ-sañu pegg ba noppi, wuuteek kureli peggi mbànjuxaan yeek njënd ak njaay yi; ñoom dañuy saytu ag kurel walla yëngu-yëngu bu yello saytu.

Nguur :

Nguur xeetu kurelug kàttaanu pólitig la, soloo ñetti fénc: am ndéndum suuf, genn kilifteefug nguur, aw askan. Nguur, bokk-moomeel gu moom boppam la.Moom-sa-bopp googu moo wuutale nguur geek yeneen xeeti bokk-moomeel yi deme ni diiwaan yi, pàcci diiwaan yi, ak dëkku-taax yi.

Teggeeku galag :

Teggeeku galag, njéggalug peyu galag walla juuti, mbaa sañ-sañ la, ci kaw ay sàrt yu ràññiku ci wàllu yoon. Misaal: néewteey am-ami nit ñi, sababu teggeeku ci lenn ciy galag yu diy warugar ci gépp njaboot la.

Finaasi pegg :

Finaasi pegg yi dañuy tekki gëstub sàrt ak pexe yi ñeel alalu mbooloom pegg. Ci wàllu xamteefu jëmmal, Finaasi pegg yi mënees na leen a wonee ni mbooleem sàrt yiy doxal finaasi nguur gi, yu bokk-moomeel yi, yu kureli pegg yi, ak yeneen cémbi sañ-sañu pegg yi. Aw xàll la, nekk ci séll-bi-yoonu sañ-sañu pegg, sañ-sañu yoonal ak woññatub pegg.

Fõo-dë-konkuur :

Aw doxalin la wuy tax ñuy mën di toxal bokkug genn kurelu pegg walla fedd-géew mbaa kenn nit ci benn deppãas bu nguur ràññale.

Nguur :

Nguur sanceefu réew mi la, soloo Jawriñ ji jëkk (njiitu nguur gi) ak jawriñ yi. Ci njiiteefu jawriñ ji jëkk, nguur gi day doxal pólitig bi njiitu réew mi nasal. Ndax li mu nekk njiitu nguur gi, Jawriñ ji jëkk daa ngàllu ci kanamu kurelug yoonal gi, ci anam yi ñu wottu ci dog 85 ak 86 yu ndeyu sàrt yi.

Way-bokki nguur gi aaye nañu leen ñuy boole seen cërub jawriñ ak bépp yëngu-yëngub liggeeyu pegg walla bu fedd-géew bu am ag pay (dog 54 bu Ndeyu sàrt yi). Ndax déggoob wa-bokki sanceefug nguur gi, yenneeku walla dakkalug njiiteefu nguur gi day yóbbale ci saa si, yenneekub yeneen jawriñ yépp (dog 43 ak bu 53 ba 57 bu Ndeyu sàrt yi).

Mbooloom depite:

Way-bokki pénc mi (lu mu néew-néew, fukk yu nekk) mën nañu booloo, ndax niiroo pólitig, ngir sàmm ngëm-ngëm, mbaax ak xalaatin yi ñu bokk (te du seeni njariñal boppkese). Ñooy mbooloom dépite yi. Depite bi mënul a bokk ludul ci menn mbooloom pólitig. Mbooloo yaa ngiy sosoo ci jébbal njiiteef gi benn biraleb pólitig bu ay way-bokkam xaatim, booleek limu way-bokkam, ndawi pénc yi mbokkoo, tur ak santi njiit ak tofoom yi mboolooo mi tànn.

Wayndare yooyu dañu leen di siiwal ci xibaarukaayu nguur gi, booleek cuppiku (yenneeku, bokk ak booloo) yi ci top, gannaaw ba ñu ko yégalee njiitu pénc mi.

Njiiti mbooloo yi way-bokk lañu ci jataayi njiit yi, seeni tofo di leen fa wuutu bu ñu amee ngànt (dog 21 ak bu 22 bu Ndeyu sàrt yi).

Péncum àttekaaay bi gën a kawe:

Péncum àttekaaay bi gën a kawee ngi ëmb way-bokk yi péncum réew mi tabb. Benn way-àttee koy jjite. Doxalin wi ñuy topp ci biir Péncum àttekaaay bi gën a kawe, yoon-jëmmal a koy tëral. Njiitu réew mi (gàlloowul jëf yi muy def cib liggeeyam, ndare du dafa wor), jawriñ ji jëkk ak way-bokki nguuram (yi gàlloo seeni jëf ci seen biir liggeey, te ñu jàppe leen nig mbóom walla jalgati ci jamono ji ñuy defu) ñu ngi leen di àtte ci Péncum àttekaaay bi gën a kawe (Dog 99-100 ak 101 bu Ndeyu sàrt yi ak 120 bu sàrtu biir).

Kiiraangey pénc :

Depite yi dañuy nekk ci kiiraangey pénc mi, seen njëlbeenug pal (yégleb njeexitali woteyi) ba ba muy jeex, ñeel bépp woote ci kanamu yoon walla dooley nguur, ndax seen xalaat mbaa wote bu ñu amal ci diir bi ñu nekkee ci seen liggeey. Gannaaw loolu yit, benn Kurelu yoonal mënu leen top, walla jàpp tëj ndax

mbóom walla jalgati, te àndul ak ndigalu pénc mi. Depite bu ñu bett cig njalgati mbaa bu daw gannaaw ba mu defee njaaxum, mënees na ko topp, jàpp ko tëj, te du aajoo ndigalu birob pénc mi.
Kiiraangey péncum dépite yi mënees na ko muri, jaarale ko ciw doxalin wu ñu fàggu ci Ndeyu sàrt yi ak sàrtu biir bi. Saa yu ñu sàkkoo murikub kiiraayu Péncum depite bi, walla dakkalug toppam ci kanamu yoon, dañuy sos genn kurelug jàppandalu fukk ak benn (11) way-bokk yu ñuy fale ci kaw doxalin wi ñu fàggu ci dog 34.

Galag (Empo):
Galag, njoxem xaalis bu tegu ci loosu nit walla kilifa la, mu koy joxe ba fàww te amul ndelloo, ngir pajum aajoy pegg yi cig yaatal (sasi aada, koom, askan, caada). Galag, xeetu yëngub pegg la, bokk ci cémbum mbooloo. Bu fekke ni galag bi daa am njeexital yu bari yit, nisërug koppar am na ca solo.

Kureloondoo :
Ci kanamu itte bu dox diggantey kureli wéyal yu bari, pénc mi day samp ag kureloondoo. Bu dul kurelug woññatook nemmet gi, walla

kurelug ndénkaaney dogal yi, kureli wéyal yi, kureli jàppandal yu fés yeek kureloondoo yi dañuy daje ci diirub lël yi, ngir jublu ci mbir yi ñu leen di dénk. Gannaaw loolu, mënees na leen a woo cim ndaje mu ànd ak ndigalu njiitu pénc mi (dog 33 bu sàrtu biir).

Nangoodiku :

- **Nangoodikug caytu** : njubanti bu depite biy jébbale la «di sabab wàññikug mbelli pegg, walla coste mbaa yokkutey warugari pegg». Wàññikug mbelli pegg yi dañu leen di xayma ci anam yépp: njubanti guy mottali matadib juuti cig yokkute, di tolloole dayoom digganteek moroom ma, mënees na ko nangu ;
- **nangoodikub yoonal** :

Njubanti gu aju ci fànnu sàrt, waaye ajoodi ciw yoon, day nangoodiku ci kanamu dog 41bu Ndeyu sàrti atum 1958.

- **nangoodikuw doxalin** :

Njubanti gu amul benn séqu ak xët miy yilla ji, day nangoodiku.Su boobaa dañu naan ag «gawar» la, di baat bi ñuy jëfandikoo ngir junj njubanti « yeb-lépp »

ci diirub waxtaanu yoonu woññaatuy koppar.

Diirug pal :

Dépite yi dañuy falu ngir diirub juroomi(5) at, ci woteb ñépp jaaraleedi.Diiru pal gi mooy diir bi dépite yiy doxal seenug pal. Diirug pal mëneesu ko gàttal, ludul ci taste gu péncum dépite yi dogal (dog 60, rëdd 1 bu Ndeyu sàrt yi ak 1 bu sàrtu biir).

Ndonole :

Ndonole moo di joxe jenn alalu aji-wàññiku, mbaa yu ci bareem, fekk cig dundam la ko defeek ndénkaane, nga xam ne, bu nit ki deewee rekk lay mën a nekk. Ndonole wuute naak may walla neexal yi mënul am ludul ci dundug nit ki, ndaxte luy wéy la. Mënees na donale ag mbootaay fekk ñu nangu njariñam ciw askan walla muy mbootaayu jëf-mbaax.Kiy jote cig ndonole way-donn la.

Limu wotekat :

Limi wotekat yi, mooy karneb mbindum xamteefi mbooleem wotekat yi nekk ci benn goxu wote lañu. Bindu ci limi wotekat yi, war

na ci bépp way-bëgg-sa-réew ju nar a wote. Mbindu moomu nag daa laaj lenn ciy sàrt : nit ki daa war a nekk doomu réew mi, am fukk ak juroom ñetti at yu mat sëkk ci bésub tànn bi, am ay këyiti ràññiku (kàrt dàntite ak bu wote), yor sañ-sañam yépp (pólitig ak njuddum réew). Nu fàttali ne, mbindu mi day laaj taxawaayu nit ki ci boppam te mu ànd caak sagoom.

Yoon :

Ca cosaanam, yoon (luwaa) a ngi juddoo ci baatub lateŋ buy tekki « leks », "lesis". Ci wàllu yoon, day tekki sàrtu àttewaay buy tënk ñépp cig yaatal. Depite yi ñooy wote yoon yi ci turu askan wépp, seenug taxawal nag, njiitu réew mee koy xaatim. Baatub Paleef « lesislaasiyõo » yit dees na koy jëfandikoo ngir junj aw yoon walla aw sàrt.

Yoonu woññaatu :

Yoonu woññaatu, anam la bu nguur giy jëfandikoo, ngir biral ci kanamu pénc mi koppar yiy dugg ak yiy génn. Njeexital li, mooy fexe ba dépite yi wote bidse nguur gi. Yoonu woññaatu day fésal, ci diirub njëfeem,

wirgoom, dayoom ak toxalub am-am yeek aajoy nguur gi, booleek yemoob soxla ak am-am yi ciy bawoo. Yoonu woññaatu jar naa ràññee digganteem ak yoonu wutinu koppari kurelug kaaraangey askan wi.
Yoonu woññaatub kurelu kaaraangey askan wi, naam bu dee ci wenn anam week jenn jamono ji lañu koy wotee yit, soxalul ludul nafay kurelug kaaraangey askan wi.

Yoonu woññaatub njubanti:
Yoonu woññaatub njubanti dañu koy wote ngir xoolaat wàññiku walla yokkute deppãas yeek koppar yi dugg, fekk depite yi rafetlu leen ba nuppi. Naka muy wuyoo turam, yoonu woññatub njubanti day soppi aw yoon, sukkandiku ci doxinu jamono ci wàllu koom ak xaalis.

Yoonu jëmmal doxin :
Yoonu jëmmal doxin, aw yoon la wu jëm ci tëralin ak doxalinu kàttanug pegg yi. Pénc mee koy wote, muy leeral yebuy ndeyu sàrt yi nga xam ne, mooy tëral sàrti cëslaay yi. Yoonu jëmmal doxin yi dañuy suuxat dundug ndeyu sàrt yi, di may péncum dépite yi

kàttanug mën a leeral yenn yebuy nekkinu yoon yi mën a suppiku ci diiri jamono. Ci toppantey daraja, yoonu jëmmal doxin a ngi ci suufu ndeyu sàrt yi, waaye moo féete kaw yooni aada yi.

Rawug ëpp genn wàll :

Ci wàllu yoon, këppe gu nekk day ànd ak kàttan gu bir, bu fekke ni dajale na genn wàllug tànn yi ñu wéral. Day safaanook raw-gàddu bi nga xam ne day méngook lim bi gën a rëy ciy baat yi lawax am. Ci fànn woowu, ndam li dañu koy jox lawax bi ëppale ay baat moroom yi ñuy seet kenn-kenn. Cib wote kon, day war ñu am lu mat 50% ci tànn yi ñu wéral ngir mën a jote ci Rawug ëpp genn wall. **Cim misaal, bu fekke ni ab wote am na 100 tànn yu ñu wéral, ñu ngiy jote ci Rawug ëpp genn wall gi dale ci 51 baat (maanaam 100: 2 + 1).**

Palug sañ-sañ:

Palug sañ-sañ gi day ëmb yóbbent gi askan wi dénk ndaw li mu fal, ngir diir bu ñu xam. Ciy sasam, way-falu bi day wax ak a jëf ànd ceek yaŋ-yaŋ ci turu askan wépp. Palug sañ-

sañ gi mën na doon palug sañ-sañ**u** ndigal walla palug sañ-sañu teewal.

palu sañ-sañu ndigal :

Palu sañ-sañ**u** ndigal mooy kàttan gi mbootaay walla nit di dénk jenn way-falu, ngir doxal aw sas wu ràññeeku ci diir bi ak ci liggeey bi, aju nag ciy sàrt yu leer yu mu mënul a teggi. Maanaay palug sañ-sañu ndigal moo di sukkandiku ci soxla yi mbootaay gi walla nit ki dénk kenn walla mbooloom nit, ngir doxal ab cër ci ab diir ak ci wenn fànn. Ab nemmiku kon da cay am, walla ñu laaj ca këyitu nettalib jëf ja, ndax way-dénke mën a topp aminug pal gi. Palu sañ-sañu ndigal wuute na ak palu sañ-sañu teewal. Ñu ne ag pal, palu sañ-sañu teewal la, bu fekke ni ndaw yi mënuñu jote ndigali ñi leen fal, walla ñooñu mën leen folli.

Ittey neenal :

Ittey neenal, pexe la mu pénc mi gànnaayoo ngir wone ñàkkug àndam ci pólitigu nguur gi, di ca fexe mu yenneeku. Ci doxalinu nguur yi nga xam ne kàttan gépp mbaa genn wàll gaa

ngi ci yoxoy pénc mi, Ittey neenal day tekki doxalin wi pénc miy deme ngir sóoru nguur gi, di waral mu mën ko jañ ba mu yenneeku. Ci sañ-sañu Senegaal, xalaat boobu fàggu nañu ko ci dog 86, rëdd 3, 4 ak 5 bu Ndeyu sàrt yi. Ngir ñu mën koo nangu, fàww ñu won Ittey neenal bi lu mu néw-néew fukki dépite ci téemeer bu nekk.

Kujje gi :

Ci baatub kujje, ñu ngi ciy joxoñ mbooleem làngi pólitig walla mbooloo yi bokkul ci këppe gi ci pénc mi, te di wujjeek moom. Ci pólitig, Kujje gi day ëmb mbooleem làngi pólitig ak mbooloo yiy xëccook dooley pólitig ji yor nguur gi. Ci palu sañ-sañu teewal (ànd ak pénc mu askan wi fal), kujje gi moo di mbooleem làngi pólitig yi bokkul ci këppe gi ci pénc mi, walla géewub farandoo bi yor nguur. Bu ko defee nag, day nekk ub wujj. Kujje giy biral kuuteem ak gis-gisam yuy sikkal jëfi nguur gi, Fénc bu am solo la ci wàllu demokaraasi buy bareel.

Joxekati ndigal(santaanekat yi):

Joxekati ndigal walla santaanekat yi, dañuy santaane doxalug njot gi(koppar yiy dugg),

sooke deppãas yi, di santaane peyoor gi. Ñooy joxe ndigal yiy soxal alal ak yëfi nguur geek kureli pegg yi, walla cig fésal, ñeel cémb yeek sanceefi woññaatu yi.

Pénc mi :

Pénc mi, kurel la gu mën am sas yu bari: sasu xelalkatu kurelug doxal gi, sasu wotekatu yoon yi, ak sasu way-teewalug askan wi. Ci dégginam wi gën a yaatu tey jii, pénc mi day tekki mbooleem dépite yi falu tey sàmm teewaayu askan wi ci nguuri demokaraasi yi.

Yemoo gu janu :

Gannaaw tànneefu yoon wi ñeel yemoo gu janu laata ñuy woteel dépite yi ci 3 fanu suweŋ 2007, toftal ag ndàqam ci kanamu kurelu àtte-yoonal gi (dogal N°97/2007–Afeer 1/C/2007) ndax ñàkk a dëppook Ndeyu sàrt yi (dog 7), yoon n° 2010-11 bu 28 me 2010 bi tànnaat nañu ko. Yoon woowuy sàkku yemoo gu janu diggante góor ak jigeen ci sanceef yi nga xam ne, ñépp walla ña ca ëpp dees leen di fal, wote nañ ko gannaaw cuppig yeesalu Ndeyu sàrt yi ci 13 ak 26 fani noowàmbar 2010 ca Asàmbale baak Senaa ba, ngir tàbbal

ci benn dogal ñeel yemoo gu janu diggante góor ak jigeen, ci palug tànn yeek ci sasi tànn yi.

Yeesal gu mag gi ci yoonu Senegaal ci wàllu yemoo gu janu gi mooy ne dafa gëttënu. Dog 1 ak 2 bu yoon N°2010-11 bu 28 me 2010 ñeel yemoo gu janu gi da ne: *"Limi lawaxu yi dañu war a soloo ñaari awra yépp (góor ak jigeen), te bu fekkee ni doyob way-bokk ya dafa tool, Yemoo gu janu gi day nekk ci lim bu tóoladi bi sës rëkk ci moom. Limi lawaxu yi dañuy war a méngook yebu bii, lu ko moy, deesu leen nangu*".

Yoon wii, jéemant nañu ko ci woteb dépite yi woon ci 1er Sulet 2012, te mu feeñal teewaay bu takku ciy jigeen. Dale ci 22% (maanaam 33 dépite yi dépite) ci diiru paleefu 2007-2012, dayob jigeen ñiy dépite tey jii yégsi na ci 43,3% (maanaam 64 dépite) ngir diiru paleefub 2012-2017.

Làngu pólitig

Làngu pólitig, mbooloom nit la ñu bokk yenn njariñ yi, yenn xalaat yi, booloo cig kurel guy nisërlu ñu fal ko, mu yor nguur, di doxal menn mébatum pólitig, mbaa nasu bokk-

moomee. Nisërug nguuru, moo wuutale làngi pólitig yeek yeneen mbootaay yi deme ni mboolooy ngëtën yi, kureli way-bokk-liggeey yeek sendikaa yi. Làngu pólitig mënees na ko jàppe ni kurel gu dajale ay way-bëgg-sa-réew yu bennoo ndax wenn falasifa, ak wenn xalaatinu bokk-moomeel, tax ñuy sàkk pexe yu ñu ko jëmmale, booleek nisërug dem bëreji, ngir jote ci nguur gi, doxal ko.Kon mbootaay guy nekk ci njariñal wenn xalaatin la.

Jëmmu xalam bu sañ-sañu pegg walla feddi-géew :

Ñaari Jëmmi xalami sañ-sañu peg ñoo am:
Jëmmu xalamu sañ-sañu feddi-géew

- bokk-alali doomi réew yi
- cémb yi nga xam ne, ci wàllu yoon, dañuy yaxantu
- mbootaayi bokk-njariñ yi
- mbootaayi aada yi
- sendikaa yi
- fondasiyõo yi

Jëmmu xalamu sañ-sañu pegg a ngiy dox ci sàrtu sañ-sañu caytum pegg.

Jëmmu xalamu sañ-sañu feddi-géew nag, mu ngiy dox ci sàrtu sañ-sañu caytum feddi-géew. Jëmmu xalam a ngiy dégtoo ni mbooloom nit walla mbooloom alal mu nekk ci jëmmu làmb-daj mbaa jëmmu yoon (di jëmm ju làmb-dajadiku). Ndegam nag du jëmm ju làmb-daju, jëmmu làmb-dajadikoom jooju ngi ñuy jot gannaaw ba ñu matale lenn ciy sàrt.
Bu fekke ni jëmmu yoon daa mbindarewu ci kanamu jëmm yi làmb-daju, demewu ni ci jëmmi xalam yi, rawatina, bu fekkee ni jëmm jooju dañu ko dénk mbooloom nit.

Pólitigi pegg

Pólitigi pegg (walla feemu pegg) yi ñu ngi leen di dégge ni mbooloom yëngu-yëngu yu lëkkaloo yu ñuy doxal, caa nisër a jote ag cuppiku, walla dollikuy nekkin sàngam. Pólitigi pegg yi, feem la wu ay sanceef mbaa bànqaasi peggi caytu di doxal, mu ànd ak ay mbell (nit, xaalis ak ay jumtuwaay), ngir jëf jëmale ciw nekkin wu sax, mbaa wu ne këtt ne jonn te ràññeeku (meññantal,wér-gu-yaram, njaboot, dëkkuwaay, liggeey, njàngum tàggat, gëstu, sasu pegg, jafe-jafe, wàññiku), ngir jote ciy nisër yu ñu takkoon ca njalbeen

(yemoo, njubub yoon, wér gu yaramu askan, pasinuw nekkin wu jag, saafara jafe jafe yeek néewtey alalu nafa gi) te nga xam ne, natt gaa nga ñuy def ci cëslaayal xamteef yu deme ni baaxaay ak xereñteefu méngook jamonoom.

Kurelu yoonal

Kurelu yoonal gi, moo di benn ci ñetti xeri sanceefi askan wu ànd ak jamono, ànd ak Nguur (kurelug doxal) gi, ak pénci àtte yi (kurelug àtte-yoon).

Kurelu yoonal gee ngi sàlloo fent ay yoon: mébat yi dañu leen di teg, weccee ciy xalaat, te lee-leeg ay kureli yoon càmbar leen. Mébat yi, cig njeexital, dañu leen di wote.

Ci anam yi ëpp, mébat yi dañu leen dëggal, dogal seenug nekk ca kurelug doxal ga, laata ñuy nekk ay yoon.

Ci jamonoy demokaraasi ju jamonowu jii, Kurelu yoonal gaa ngiy jëmmoo péncum ndawi réew. Moom mii, mu ngi sàlloo bind ak sos yoon, waaye nag it, càmbar jëfi nguur gi.

Njiitu péncum dépite yi:

Njiitu pénc mi, dañu koy fal ci njëlbeenug paleef gi, mook yeneen way-bokki péncum

dépite yi. Day falu ci tànn-bennal, ci raw-gàddug tànn yi ñu wéral.
Falu ci tànneefug dépite yi, njiitu pénc mi mooy jiite weccantey xalaati pénc mi, di tëral liggeeyi pénc mi. Li ci ëpp, day doxal ànd ceek yeneen dépite yi, njiiti kurel yeek njiiti mbooloo yi.

Njiitu mbooloom dépite:
Njiiti mbooloom dépite yi, ay way-bokk lañu ci ndajem njiit yi, di bokke noonu ci tërub nasu yëngu-yënguy bés bi ak matumaay yi ci war.
Mbooloom dépite yi tamit, mbootaayi dépite yuy daje lañu, ngir seen tànneef ci wàllu pólitig ci benn néegu pénc. Njiitu dépite yi am nañuy xéewal ci doxalinu pénc mi.

Doxinu tànn :
Baati «doxinuw tànn», day dégtal ci aada, mbooleem pexe yi war ngir ab wote jaar yoon. Ñetti pàcc yu mag la ëmb: pàccub lu-jiitu-tànn, pàccub tànn bi ci boppam, ak pàccub gannaaw-tànn bi.
Pàccub lu-jiitu-tànn day dajale ndefarum kàrti wote yi, taataan kàdduy biraley lawax yi, ak doxal yeglewub tànn gi.

Tànn gi day dajale cim misaal, woteb falaakoon yi, woññub tànn yi, yégleendig njeexital bi, yégleb njeexital bi mujj (ci baatu kilifa gi ko yelloo).
Pàccub gannaaw-tànn bi, lu ci ëpp, day ittewoo xayma doxalinu wote bi ak saytu féewaloo yiy faral di am, di suuxat ab déggoo ci diggante aji-jëfi pólitig yi.

Mébatu yoon :
Mébatu yoon, xët wu fas yéenee nekk aw yoon tey bawoo ci nguur la.
Gannaaw bi ñu ko tànnee ci ndiisoom jawriñ yi ba nuppi, dañu koy jébbal pénc mi ngir mu wote ko. Mébatu yoon nag, wuute naak Xelal-yoon bi nga xam ne, mu ngi bawoo ci benn, mbaa dépite yu bari.

Taxawalu yoon
Xaatimu Njiitu réew mi mooy tax aw yoon di jëfu gannaaw bi ko Pénc mi wotee ba nuppi, fekk Péncum ndiisoob ndeyu sàrti réew mi joxe ci xalaatam.Yoon wu ñu taxawal, dañu koy siiwal ci xibaarukaayu nguur gi. Mooy jëfu darajaal ji Njiitu réew miy def ngir biral ne, nemmeeku na ni, aw yoon wotees na ko

ca Péncum dépite ya. Ni mu ciy tege xaatimam, noonu lay taxe njëfeem yoon woowu di warteef. Dooley Njiitu réew joojule, tënkees na ko ci dog 73 bu Ndeyu sàrt yi, ak dog 82 bu sàrtu biir Péncum dépite yi.

Xelal-yoon:

Xelal-yoon aw xët la wu benn mbaa dépite yu bari di xaatim te fas yéenee mu nekk aw yoon, bu fekke ni bind nañu ko ci tënkum xibaari yëngu-yënguy bés bi, te Pénc mi tànn ko.

Saytukati alal

Saytukati alal yi, ci njiiteef ak toppug Biro bi lañuy dox, ñooy yor mbiri koppar yi, jumtuwaay yeek caytug pénc mi. Benn deppãas bu bees mëneesu koo def, te àndul ak seen xalaat.

Laaju mbind :

Doxalin wu yomb la wuy may dépite yi ñuy mën di amal ay laaj ci mbir sàngam, jëmale ci Nguur gi. Laaji mbind yi, ñu ngi leen di def, sukkandiku ciy ñaxtu walla jafe-jafe yu dépite yi nangoo ci mbootaay yi, sendikaa

liggeeykat yi, ndawi bokk-moomeel yi, mbaa ciy benn-benni nit. Mën nañu jëm ci mbir yu soxal askan wépp walla ab gox. Soloy jagle googoo ngi tënku ci dog 95 bu sàrtu biir Péncum dépite yi.

Laaju kàddu :

Laaji kàddu yi, ay laaj la yu benn dépitey def jëmale ci jenn jawriñ. Looloo aaye bépp laaju mbooloo, rawatina bu benn njiitu kurel mën a def ci turu menn mbooloom pólitig, walla ci turu kurelug wéyal. Dañuy tënku cim mbind te yem ci fénc yi ci am solo ngir nànditey laaj bi.

Laaju gaaral :

Laaju gaaral, walla ndelloom ngaar, pexe la muy bëgg bépp jafe-jafey yoon bu fés nekk lu ñuy jëkk a saafaraa ci biir pénc mi ko yelloo, laata ñu koy jébbal meneen pénc mu cay àtte. Mën na doon lu xaali (àttekat) biy bëggal boppam (cig coobareem) walla kenn ci way-àttewu yi di ko ko diis.

Ŋunkum tànn :

Ŋunkum tànn moo di limub baat yi war ngir mën a am benn toogu ci wotey dépite yi,

walla yoy ndiisoom dëkku taax, añs. Ñu ngi koy am bu ñu séddale limub tànn yi ñu wéral ak limub toogu bi ñu war a joxe ci gox bi. Limub toogu bi ñuy jox kenn ku nekk a ngiy am bu ñu séddalee mbooleseen baat yeek ŋunkum tànn bi.

Njote gi (ndugal mi) :

- Njote gi walla ndugal mi, moo di dayoob koppar bi ñu jot ba dugal ko ci kees gi, gannaaw am pexe.
- Ndugalum pegg yaa ngi soloo mbooleem galag ak juuti yi Nguur di jël.

Leeralug caytuwin :

Leeralug caytu, moo di jëfe warugaru leeral caytuwin, maanaam xamle, firndeel ak wéral caytuy alal. Leeralug caytuwin moo gën a yaatu caytuwu gi : yemul rekk ci caytuwu gi, da cee boole yeneeni jëf yuy leeral ak a mottali caytuwu gi.

Ngoreef :

Ngoreef nekk na baat bu yaatu te ëmb déggin yu bari te wuute ciy dayo, ñu di ko jëfandikoo

ci anam yu wuute. Ñenn ñi dañu ci gis pexe muy tax ba nit ñi ak kurel (mbootaay) yi nekk ay aji-gàllu ; ñeneen gise ko ni xalaatin wuy junj njëfe ak ndoxalum sàrt yeek mbaax yi. Ci dégg-déggu demokaraasi, Ngoreef a ngiy tekki ne, képp nit kuy liggeey ci bërëbu pegg walla muy liggeey ci sanceef, daa war a toontu ciy jëfam (wax ni mu saytoo ndénkaane yi) ci wàllu pólitig, caytu ak ciy koppar.

Sàrtu Biir :

Sàrtu Biir Péncum dépite yi moo takk mbooleem sàrt yi mën a jëfu ngir tëralin ak doxalinu Péncum dépite yi, ngir doxalinu paleef gi, njëfe, topp ak caytug paleef.

Repiblig :

Repiblig, nguurug pólitig la goo xam ne, cëri njiitu nguur gi du lu ñuy donn, waaye day bawoo cib wote. Repiblig doxalinu nguur la gu safaanook nguuru ndono (aada). Xeetu nguur la goo xam ne, ci biiram, ñiy jiite ñépp askan wee leen di fal, walla boog, lenn ca ñoom. Moo di nguurug askan wi, ci askan wi, ngir askan wi.

Woteb raw-gàddu benn sumb :

Woteb raw-gàddu benn sumb day tax ñu mën a jox benn mbaa toogu yu bari lawax walla lim bi am li ëpp ci baati tànn.Wuute ciy anam, ak këpp (walla ëppeef) gi mën a nekk rawug ëpp genn wàll, mbaa raw-gàddu.

Wote bi mën na nekk benn sumb, walla ñaari sumb. Ci anam bii mujj, bu fekkee ne rawug ëpp genn wàll gi amul ci sumb bi jëkk, dañuy amal ñaareelu sumb bi ci anam yi ñu ko waajale. Ñaareelu sumb bi day tax làng yi mën di amal ay màNkoo ak seeni farandoo ngir am ay ndaw ci bërab yi ñu am doole, ci kaw weccooy baat yu ñuy jote feneen. Wote raw-gàddu benn sumb a ngi ñuy defe ci bërab bu ñuy tudde goxub tànn.

Tànnu cëralaate :

Tànnu cëralaate day tax ñuy mën di fexe ba ndaw yi (depite, way-diisooy dëkki taax yi, añs) feeñal ni mu gën a yaatoo lii di kuutey xalaati wotekat yi. Anamu wote la buy nisërloo jox làngug pólitig gu ci nekk ab lim ciy toogu yuy tollook mbooleseen baati tànn yi mu am yépp cib gox sàngam.

Lim bu ci nekk, day defar xëtum lawax yiy tànnlu ci wote bi. Toogu yi ñu ngi leen di joxe làng yi ci pexem séddale limub baat yi yu am ak ŋunkum wote bi. Toogu yi des ñu ngi leen séddalee ci anam bu ñu tëraloon.

Jataayu mbooleseen :

Jataayu mbooleseen day wund ndaje yiy am ci ëttu Péncum dépite yi. Jamonoy jël dogal yu am solo la ci Paleef gi, jëmale ci mbooleem i laaj (itte, soxla) yu ñu leen jébbal, ngir ñu settantal leen.

Jataay :

Mooy jamono ji Pénc mi di daje ci jataayub pegg matal-sañ-sañ, bu dee ndajeem aada, walla ittey waxtaanu bés yu fés, yu jar ñu woo leen ci ndajem jamono. Jataay day tekki jamono ji Paleef giy daje ngir weccantey xalaat, taxawal ay yoon. Wuute naak Paleef giy wund diir bi xaajale njëlbeenu liggeeyi ndawi askan wi gannaaw ba ñu leen falee, ak bi ñuy jeexal. Diirub Paleef bu jaar yoon juroomi at la, bu ñu ko tasul.

Ndajem matal-sañ-sañ:

Ndajem matal-sañ-sañ wuute naak ndajem

jamono, ndaxte ab wootem a ngi sukkandiku rekk cib dogal walla jenn jëf, fekk benn woote bu fés yelloowu ca laaj. Gannaaw loolu, ndaje mu ni mel, mën na am ci diirub ndajem jamono.

Ndajey matal-sañ-sañ yaa ngi sàrtoo xew-xew bu fés bu ndeyu sàrt yi fàggu ba nuppi, te benn woote bu fés duñu ko fa laaj. Paleef gaa ngiy amal ndaje matal- sañ-sañam ci kaw sàrt yu ràññiku. Misaal:

- Ci diirub njëfeem kàttan yu fés yi njiitu réew mi yelloo doxal;
- Ngir déglu bataaxalub njiitu réew mi, fekk paleef gi nekkuloon cim ndaje;
- Ngir yombal njëfeem lenn ciy matuwaayi ndeyu sàrt yi: biraleb pólitigug yaatal, yabug ngàlluy nguur gi ciw nas, santaaneb ngànt, añs.

Ndajeem aada:

Ndajey aada yi, ay jamono lañu yu Paleef giy toog te amul benn sabab bu am solo mbaa ab woote bu fés, waaye ndaxte Ndeyu sàrt yee ko digle, booleek yoon fàggu na ko. Diggantey ndajey aada yi lañuy tudde *« Bërug Paleef gi »*

Ndajem jamono :

Ndajey jamono yi mën nañu am ci diggante ñaari ndajey aada. Dañuy am ci dagaanug Jawriñ ji jëkk, walla ci genn wàllug way-bokki Pénc mi (dog 5 bu Sàrtu biir).Dogalu njiitu réew mee koy ubbi, moo koy téj.

Ndesum xaalisu cëslaay :

Mooy ndes mu beddi may ak meññantal yi ñu defe ak alal ju jóge bitim réew te ñu dugal ko ci Meññeefu Biir Ñumm (Pee-ii-Bee) gi.Day tax ñuy mën di natt mën-nekkug pólitigu koppar bi.

Ndesum xaalisu mbooleseen:

Mooy kuute gi nekk ci diggante njoteg (ndugalug) Nguur gi (bu ci peyug bor yi mu leb bokkul) ak li mu ci deppãase.

Bu ndes moomu ëppe aajo yi, ñu ne ag ëppeef la; bu dee safaan ba, ñu ne ag néewteef la.

Woteb ñépp jaaraleedi walla jaarale :

Woteb ñépp pexe la tax aw askan mën a fal benn walla way-teewal yu bari. Sañ-sañu wote, mayees na bépp way-bëgg-sa-réew, ci anam bu amul xejj ak seen. Woteb ñépp

jaaraleedi, mooy tax ñuy mën di fal ci anam bu jubu kenn nit ku deme ni Njiitu réew mi. Fekk na woteb ñépp jaarale moom, pexe la muy tax ñuy fal ndaw yu bari yuy falaat keneen walla ñeneen ci seen biir, te deme ni woteb jawriñi taax yi.
Woteb ñépp jaarale, wote la boo xam ne, way-falu yi genn kurelug dox-diggantee leen di fal, ñu di ko woowe "*Néegub Pal*", fekk ay way-bokkam (falaakoon yu mag yi) ci seen bopp, dañu leen a fal.

Juuti :
Galag gu ñuy jox ñguur la, méngook péetale bu fés (galagu biir gi ci màcceefi petorol bi, cim misaal, juuti bu ràññeeku bu ñu jagleel màcceef yooyule la).

Leeraange :
Ci mbirum pólitig walla koom, leeraangee ngi jëm ci xam-xamu dogal yeek seeni sabab, anam yi ñu leen jële, ci njég dégg yi mébat yi jar, ci mbirum kaaraange gi ndax ab yëngu-yëngu walla menn mébat, ci njoteefug xibaar yi, añs.

Leeraange, mbir la mu bokk ci li askan yiy sàkku ci way-gàlluy pólitig yeek yu koom yi. Ndëkkum ñooñule, moo di xam li ñu war a siiwal ak lu ñu warul mbaa mënul siiwal. Ci way-bëgg-sa-réew bi, jafe-jafe baa ngi ci xam ndax xibaar bi mu jot lu dëggu la, te méngook li am (li nekk).

Nafag pegg :

Nafag pegg gi, feykati galag (lempo) yi miin nañu ko, ndax fa la ñuy jébbalee galag yi ñu téq ci seeni am-am ak seeni alamaan. Amul jëmmu yoonu xàjjaloob Nguur, ndax fey say galag ca nafag pegg ga, moo di fay ko Nguur.

Tofoy njiit :

Tofoy njiit yi ñooy kuutlaay ak way-jàppaley Njiit li. Dañuy book ak moom ngàllu ak liggeeyu njiiteef gi. Bu njiit li amee ngànt, tofoom a koy wuutu ci fànnay sasam yépp.

Tànn (wote) :

Wote, aw doxalin la wuy jëme ci njëlum dogalu bokk-moomeel cib diir sàngam. Ngir ñaaxe ci njëlum dogal yi, benn pàccu weccantey xalaat walla yeyante dina tax ñuy

joxe ay lay, balaa wote bee am. Wote day jéem a daganal njëlum dogal mi, di wone ni, du coobarey kenn nit ku beddeeku (waaye coobarey mbooloo la). Tànn bi daa bokk ciw doxin wu ñu naan ab tànn walla ab wote.

An@fa: Patte d'Oie Builders villa n°17 bis Extension
Tél +221 33 855 94 60 & +221 33 855 94 50 - BP : 10 358 / Dakar –Liberté; email :
anafa@orange.sn & direction@anafa.org www.anafa.org & www.anafa.alfanet.org